

KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

2 JEN 2014

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Pati I ak II a nan tiliv egzamen sa a.

Pati I a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Pati II a genyen 15 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Pati II a nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W POU FÈ SA.

Copyright 2014

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT

ALBANY, NEW YORK 12234

SA POU FÈ

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon, gen twa (3) oswa kat (4) repons, ki gen nimewo A– jiska C oswa nimewo A– jiska D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fey repons apa a, make repons ou nan ranje ti wonn yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 pou make fey repons lan.

Li Egzanz Keson **S-1** ki anba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B**. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanz **S-1**. Gade kijan yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a.

S-2 Ki bêt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A**. Sou fèy repons ou, ou te dwe nwasi ti wonn **A**.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fêt pou efase repons lan nèt. Ou ka pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas pou chak kesyon.


Pati I

- 1 Yon elèv te plante de (2) gress pwa nan de (2) po idantik ki gen menm kalite sòl la. Li te mete yon po nan yon plaka epi li te mete lòt po a toupre yon fenèt ki gen soley. Chak jou, li vide 15 mililit dlo nan chak po. Ki faktè ki te **diferan** pou de (2) po yo?
- A kantite dlo a
B kantite limyè a
C kalite sòl la
D kalite gress nan
- 2 Apeprè konbyen tan li pran Latè pou fè yon revolisyon toutotou Solèy la?
- A yon jou
B yon semèn
C yon mwa
D yon ane
- 3 Kondisyon lè deyò a nan yon sèten moman nan jounen an rele
- A friksyon
B limyè
C fòs
D tan

Remake kesyon 4 la gen twa (3) chwa sèlman.

- 4 Ki eta matyè ki **pa** gen volim defini epi ki **pa** gen fòm defini?
- A gaz
B likid
C solid

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 5 jiska 7. Dyagram nan montre sa k ap pase materyo wòch lè yo entè-aji avèk lè a ak dlo. Lèt *A*, *B*, *C*, ak *D* montre kèk materyo wòch nan diferan kote sou sifas Latè.



5 Ki fòs ki lakòz materyo wòch yo deplase pou sòti nan *A* pou ale nan *B*?

- A elektrisite
- B friksyon
- C gravite
- D mayetis

6 Lèt *C* montre pwosesis ewozyon, paske materyo wòch la


- A deplase nan dlo k ap kouri a
- B kase, avèk pwent ki file
- C fòmasyon wòch solid
- D tranpe nan dlo oseyan

7 Lèt *D* montre pwosesis depo, paske materyo wòch la

- A kraze nan fon oseyan an
- B chita nan fon oseyan an
- C deplase nan kouran oseyan an
- D absòbe nan dlo oseyan an

- 8** Yon elèv lonje men li sou yon sache objè. Ki pwopriyete objè elèv la kapab obsève lè li itilize sèlman sans touche?
- A koulè
B odè
C gou
D teksti
- 9** Yon elèv retire yon plato kib glas nan frizè a epi li mete plato kib glas la sou yon tab. Kib glas yo solid epi yo frèt. Elèv la blyie mete plato kib glas la nan frizè a ankò. Nan jou ki vini an, kib glas la ta dwe
- A likid ak pi cho
B solid ak pi cho
C likid ak pi frèt
D solid ak pi frèt
- 10** Yon balon kawotchou woule sou yon sifas plat. Balon an ap pètèt sispann woule akòz
- A elektrisite
B kondiktivite
C friksyon
D mayetis
- 11** Ki pwopriyete yon objè ki detèmine fason li se bon kondiktè elektrisite?
- A koulè objè a
B mas objè a
C rapidite objè desann nan dlo
D materyèl yo itilize pou fè objè a


12 Dyagram ki anba la a montre yon griy-pen.



Pou kapab griye yon tranch pen, an ki kalite enèji griy-pen an chanje enèji elektrik la?

- A mayetik
 - B chimik
 - C mekanik
 - D chalè
- 13** Yon ti gason kapab wè figi li lè li gade nan yon madlo ki kalm. Ki pwopriyete fizik madlo a ki fè sa rive?
- A fleksibilite
 - B reflektivite
 - C tanperati
 - D volim
- 14** Yo itilize pano solè yo pou absòbe limyè solèy la. Ki koulè pano ki ta absòbe pifò limyè solèy la?
- A nwa
 - B vèt
 - C blan
 - D jòn

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 15 ak 16. Dyagram nan montre yon moun ki sou yon chèz-woulan, epi k ap itilize yon ramp pou antre nan yon biling.



15 Rang ki nan dyagram nan se yon egzanp ki machin senp?

- A pouli
- B levye
- C plan enkline
- D balans

16 Ki kalite enèji moun nan itilize pou deplase chèz la pou monte rang lan?

- A chalè
- B limyè
- C mayetik
- D mekanik

17 Ki karakteristik yon chat ta pi ka eritye nan paran li yo?

- A gen yon sikatris
- B chase yon jwèt
- C gen pwal blan
- D konnen non li

18 Yon chyen preri k ap viv nan yon kominote ap jape fò. Lòt chyen preri ki toupre yo konnen gen danje ki pre epi yo antre anba tè byen vit pou yo kache. Ki sans chyen preri sa yo itilize pou kominike?

- A odisyon
- B odora
- C gou
- D touche

Remake kesyon 19 la gen twa (3) chwa sèlman.

19 Lè ti chat yo grandi pou yon chat, anjeneral pwa kò yo

- A bese
- B ogmante
- C rete menm jan

20 Fonksyon prensipal chouk yon pyebwa se pou bay

- A lè
- B fwi
- C limyè solèy
- D sipò


21 Yon papiyon ponn yon ze. Ze a kale pou vin yon lav. Lav la vin yon teta epi answit li chanje pou vin yon papiyon. Pwosesis sa a rele

- A yon adaptasyon
- B yon abita
- C yon chèn alimantè
- D yon sik lavi

22 Pwal kèk bêt vin pi epè nan sezon livè epi pwal yo tonbe nan sezon prentan. Obsèvasyon sa yo montre kijan bêt yo

- A reponn nan chanjman ki nan anviwònman an
- B deplase yon kote pou ale yon lòt kote pou siviv
- C konsève grès pou sezon livè
- D fè konpetisyon avèk lòt bêt yo pou manje

- 23** Yo te plante kat (4) grenn pwa ki nan dyagram anba la a nan jou diferan. Yo te plante chak gress nan menm kalite sòl ak po. Yo te bay gress yo menm kantite limyè solèy ak dlo chak jou. Dyagram nan montre tout kat (4) po yo nan menm jou a. Po yo make avèk lèt *A*, *B*, *C*, ak *D*.



Dapre kwasans ak devlopman kat (4) gress pwa yo, kilès yo te pi ka plante anvan lòt twa (3) yo?


- A *A*
 - B *B*
 - C *C*
 - D *D*
- 24** Anpil bêt melanje avèk anviwònman yo epi predatè yo **pa** kapab wè yo fasil. Sa a se yon egzanz ki adaptasyon?

- A komunikasyon
- B ibènasyon
- C migrasyon
- D kamouflaj

- 25** Ki pwosesis ki fèt nan tout espès bêt yo?

- A respirasyon ak migrasyon
- B respirasyon ak repwodiksyon
- C eliminasyon dechè ak ibènasyon
- D eliminasyon dechè ak pwal ki tonbe

- 26** Dyagram ki anba la a montre yon zwazo ki rele pengwen. Kat (4) estrikti kò a make.




Ki estrikti kò ki ede pengwen an rete cho lè li plonje nan dlo glase?

- A bék
 - B plim
 - C najwa
 - D pye ki gen palm
- 27** Yon estrikti kò anba ke yon moufèt pwodui yon likid ki gen yon odè ki move anpil. Odè sa a ede moufèt la
- A evite predatè yo
 - B jwenn manje
 - C fè yon abri
 - D kontwole chalè kò li

Remake kesyon 28 la gen twa (3) chwa sèlman.

- 28** Gwo zwazo yo t ap manje ti bèt yo nan yon zòn. Si tout gwo zwazo yo te mouri akòz yon maladi, kantite ti bèt ki nan zòn nan ta pètèt
- A diminye
 - B ogmante
 - C rete menm jan

Sèvi ak rezo alimantè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn késyon 29 ak 30.



29 Ki òganis nan rezo alimantè sa a ki se yon pwodiktè?

- A krikèt
- B krapo
- C plant vèt
- D koulèv

30 Ki òganis nan chèn alimantè sa a ki se predatè ak viktim alafwa?

- A krikèt
- B krapo
- C plant vèt
- D koulèv



Pati II

Sa pou fè (31–45): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

- 31 Desen ki anba la montre yon tònad. Yon tònad vini avèk van fò ak gwo lapli nan yon zòn.



Copyright 2004, Erick Nguyen (adapte)

Dekri **yon** fason tònad la ta ka afekte abita moun k ap viv nan zòn nan.
[1]

Sèvi ak tablo done ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 32 ak 33. Tablo done a montre tanperati lè yo a midi pou yon vil ki nan Eta New York nan senk (5) mèkredi pandan mwa mas. Tanperati a pou 31 mas te rete vid.

Tablo Done


Dat	Tanperati Lè a a Midi (°F)
3 mas	42
10 mas	45
17 mas	48
24 mas	51
31 mas	?

- 32 Dapre modèl ki endike nan tablo do a, fè previzyon tanperati lè a a midi nan mèkredi 31 mas. [1]


_____ °F

- 33 Konplete graf an ba ki anba la a pou montre done yo. Yo montre ba a pou 3 mas. [1]

Tanperati Lè a Mèkredi a Midi nan Mwa Mas



- 34** Dyagram ki anba la a montre yon leman ki toupre yon blòk (metal) fè.



Kisa yon elèv kapab fè pou ogmante fòs atraksyon leman sa a nan blòk (metal) fè a? [1]


- 35** Dyagram ki anba la a montre Solèy la ak Latè. Lèt *X* montre yon pozisyon sifas Latè.



(Pa trase selon echèl la)

Eksplike pou kisa li lajounen nan pozisyon *X*. [1]

Sèvi ak dyagram sik dlo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn késyon 36 ak 37. Gen twa (3) pwosesis ki make. Lèt X reprezante yon katriyèm pwosesis nan sik dlo a.



36 Ki pwosesis lèt X reprezante nan sik dlo a? [1]

37 Ki pwosesis ki fèt nan sik dlo a lè dlo likid la vin yon gaz? [1]

- 38** Kèk grenn epapiye (simaye) lè yo tonbe atè. Dekri **yon lòt** fason gress yo kapab epapiye. [1]
-
-


Sèvi ak enfòmasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 39 ak 40.

De (2) elèv te itilize twonbòn pou mezire longè menm kote liv syans yo. Premye elèv la note longè a mezire 10 twonbòn. Dezyèm elèv la note longè a mezire 6 twonbòn.

- 39** Kisa ki ta eksplike pou kisa de (2) elèv yo te jwenn mezi **diferan** pou longè **menm** kote liv la? [1]
-
-

- 40** Ki zouti elèv yo te kapab itilize pou mezire longè liv la an santimèt avèk presizyon? [1]
-

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 41 ak 42. Dyagram nan montre kèk kreyati vivan ak kreyati ki pa vivan nan yon jaden.




41 Ki sous prensipal enèji pou tout plant ki nan dyagram nan? [1]

42 Bay lis **de (2)** kreyati ***ki pa vivan*** ki make nan dyagram nan moun te fè. [1]

_____ ak _____

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 43 ak 44. Dyagram nan montre chanjman sezon nan yon pye pòm.




- 43 Dekri **yon** fason pye pòm nan chanje lè sezon lotòn fini epi sezon livè kòmanse. [1]

- 44 Nan sezon prentan, flè yo grandi nan pye pòm nan. Ki objektif flè yo sou pyebwa a? [1]

45 Dyagram ki anba la yo montre yon zòn anvan ak apre yo te koupe kèk pyebwa. Yo te itilize bwa ki sòti nan pyebwa yo pou bati yon kay nan zòn nan.



Anvan



Apre

Anpil bèt t ap viv nan zòn nan kote yo te koupe pyebwa sa yo. Chak ane, y ap plante nouvo pyebwa nan zòn sa a. Dekri **yon** fason plantasyon nouvo pyebwa yo ta ka ede bèt sa yo. [1]

GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman Part II Credit

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	1	
34	1	
35	1	
36	1	
37	1	
38	1	
39	1	
40	1	
41	1	
42	1	
43	1	
44	1	
45	1	
Total	15	